दिन–मंगलवार दिनांक–19.08.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राज्य मंत्रिमंडल बिहार लोक सेवा आयोग आ आन सरकारी विभाग सभ मे भर्तीक लेल आयोजित परीक्षाक लेल आवेदन शुल्क घटा कऽ मात्र एक सय टाका करबाक मंजूरी दऽ देलक अछि। कैबिनेट एहि प्रस्ताव के सेहो मंजूरी दऽ देलक अछि जे एहि प्रतियोगी परीक्षा सभक मुख्य परीक्षाक लेल कोनो शुल्क नहि लेल जायत। ई आर्थिक रूप सँ कमजोर उम्मीदवारक लेल पैघ राहत अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक अध्यक्षता मे आइ भेल कैबिनेटक बैसक मे ई निर्णय लेल गेल। आवेदन शुल्क मे ई कमी बिहार लोक सेवा आयोगक अलावा बिहार कर्मचारी चयन आयोग, बिहार तकनीकी सेवा आयोग, बिहार पुलिस अधीनस्थ सेवा आयोग आ केन्द्रीय सिपाही चयन बोर्ड द्वारा आयोजित परीक्षा सभ पर सेहो लागू होयत।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ माध्यमिक आ उच्च माध्यमिक विद्यालय सभ मे अनुकंपाक आधार पर नियुक्त चारि हजार आठ सय पैंतीस लिपिक आ पांच सय अठारह परिचारी लोकनि कैँ नियुक्ति पत्र प्रदान कयलनि। पटनाक संवाद भवन मे आयोजित कार्यक्रमक दरमियान श्री कुमार किछु चयनित अभ्यर्थी कैँ स्वयं नियुक्ति पत्र देलनि। आन अभ्यर्थी सभ कैँ जिला मे आयोजित कार्यक्रमक दरमियान नियुक्ति पत्र देल गेल। एहि अवसर पर उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा एवं शिक्षा मंत्री सुनील कुमार मौजूद छलाह।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी विपक्ष समेत सभ राजनीतिक दल सँ एनडीए केर उपराष्ट्रपति पदक उम्मीदवार सी.पी. राधाकृष्णन कैँ सर्वसम्मति सँ चुनबाक अपील कयलनि अछि। आइ नव दिल्ली मे भेल राष्ट्रीय जन तांत्रिक गठबंधन– एनडीए संसदीय दलक बैसकक दरमियान श्री मोदी एनडीए सांसद लोकनि सँ श्री राधाकृष्णन केर परिचय करौलनि। ओ श्री राधाकृष्णन केर नमहर सार्वजनिक जीवनक बारे मे जनौलनि। बैसकक बाद संसदीय कार्य मंत्री किरेन रिजिजू कहलनि जे प्रधानमंत्री सभ राजनीतिक दल आ सांसद लोकनि सँ श्री राधाकृष्णन केर समर्थन करबाक आग्रह कयलनि अछि।

———————————————————————————

इंडिया गठबंधन सर्वोच्च न्यायालयक पूर्व न्यायाधीश बी. सुदर्शन रेड्डी कैँ उपराष्ट्रपति पदक उम्मीदवार नामित कयलक अछि। कांग्रेस अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खरगे आइ हुनक नामक घोषणा कयलनि। जनतबक अनुसार काल्हि ओ अपन नामांकन दाखिल कऽ सकैत छथि। उपराष्ट्रपति चुनावक लेल एकैस अगस्त धरि नामांकन दाखिल कयल जायत। जखनकि नओ सितंबर के चुनाव होयत।

———————————————————————————

कांग्रेस नेता राहुल गांधीक मतदाता अधिकार यात्रा आइ शेखपुरा पहुंचल। एहि सँ पूर्व नवादाक मझवे बाजार आ हिसुआ बाजार मे श्री गांधी लोक सभ सँ गपशप कयलनि। बाद मे शहरक भगत सिंह चौक पर एक जनसभा के संबोधित कयलनि। ओ कहलनि जे एसआईआर मे जानि–बूझि कऽ गड़बड़ी कयल जा रहल अछि आ हुनक पार्टी आओर गठबंधन एकर विरोध जारी राखत। यात्रा मे राजद नेता तेजस्वी प्रसाद यादव समेत महागठबंधनक कतेको घटक दलक वरिष्ठ नेता सेहो भाग लऽ रहल छथि।

———————————————————————————

चुनाव आयोग कहलक अछि जे एक अगस्त के जारी मतदाता सूची पर उनैस दिनक बादो कोनो राजनीतिक दल दावा–आपत्ति दर्ज नहि करौलक अछि। चुनाव आयोग आइ जारी ताजा बुलेटिन मे कहलक अछि जे राज्य मे जारी मतदाता सूचीक एसआईआर केर अंतर्गत एखन धरि बावन हजार दू सय पचहत्तरि निर्वाचक लोकनि सँ सीधा दावा–आपत्तिक आवेदन प्राप्त भेल अछि। एहि मे सँ एक हजार सात सय पैंसठि मामिलाक निपटारा कऽ देल गेल अछि।

———————————————————————————

बैंकिंग, बीमा, पेंशन आ आन सुविधा सभ सँ बिहारक गाम सभ के जोड़बाक लेल राज्यस्तरीय तीन मासक अभियान एक जुलाई सँ जारी अछि। भारतीय स्टेट बैंकक पटना मंडलक मुख्य महाप्रबंधक अनुराग जोशी जनौलनि जे वित्तीय समावेशन संतृप्ती अभियानक अंतर्गत राज्य मे ग्राम पंचायत सभ मे साढ़े चारि हजार सँ बेसी शिविर लगा कऽ एक लाख सत्तर हजार सँ बेसी प्रधानमंत्री जनधन खाता खोलल गेल अछि। ओतहि, एक लाख सत्तावन हजार सँ बेसी प्रधानमंत्री जीवन ज्योति बीमा योजना आ तीन लाख सँ बेसी प्रधानमंत्री सुरक्षा बीमा योजनाक खाता खोलल गेल अछि। श्री जोशी जनौलनि जे अभियानक दरमियान

लोकसभ कें साईवर धोखाधड़ी सँ बचबाक जनतब देल जा रहल अछि, के.वाई.सी करयबाक आग्रह कयल जा रहल अछि आ निष्क्रिय खाता सभ के सक्रिय कराओल जा रहल अछि।

---

पूर्व केन्द्रीय मंत्री नागमणि, पूर्व आईपीएस अधिकारी आनंद मिश्रा आ पूर्व मंत्री सुचित्रा सिन्हा आइ भारतीय जनता पार्टी मे शामिल भऽ गेलाह। पटना स्थित भाजपा कार्यालय मे आयोजित समारोहक दरमियान प्रदेश अध्यक्ष दिलीप जायसवाल हिनका लोकनि कें पार्टीक सदस्यता ग्रहण करेलनि। एहि अवसर पर उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा समेत आन गणमान्य नेता मौजूद छलाह।

---

समाप्त